**दिन—सोमवार** **दिनांक—29.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग राज्य मे विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रिया पूरा करबाक बाद काल्हि अंतिम मतदाता सूचीक प्रकाशन करत। इएह सूचीक आधार पर विधानसभा चुनाव कराओल जायत। आयोग कहलक अछि जे जिला मुख्यालयक संग—संग विधानसभा क्षेत्र स्तर पर सेहो मतदाता सूची उपलब्ध होयत। आयोग ई स्पष्ट कयलक अछि जे अंतिम सूचीक प्रकाशनक बादो दावा—आपत्ति दाखिल कयल जा सकैत अछि।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे सीटक बटवारा के लऽकऽ नवरात्रक बाद एनडीएक बैसार होयत। वाराणसी मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे एखन एनडीएक भीतर सीट बटवारा पर कोनो चर्चा नहि भेल अछि।

---

जन सुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर राज्य सरकारक मंत्री अशोक चौधरी पर अपन आरोप के एक बेर पुनः दोहरौलनि अछि। पटना मे पत्रकार लोकनि के ओ कहलनि जे हुनका पर लागल आरोपक जाँच हेबाक चाही। एहि लेल ओ कोर्ट सेहो जयताह।

---

लोजपा रामविलासक सांसद शांभवी चौधरी प्रशांत किशोरक आरोप के चुनावी बयानबाजी जनौलनि अछि। श्रीमती चौधरी पटना मे संवाददाता लोकनि के कहलनि जे हुनक माता—पिता आ हुनका पर लागल आरोप झूठ आ निराधार अछि। ओ कहलनि जे प्रशांत किशोर चुनावी लाभ लेल ई आरोप लगा रहल छथि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे ओ जल्दीए राज्य सरकारक भ्रष्ट मंत्री आ अधिकारी लोकनिक सूची सार्वजनिक करताह। पटना मे ओ कहलनि जे महागठबंधनक लड़ाई भ्रष्टाचारक विरूद्ध अछि।

---

राज्य के तीन अमृत भारत समेत सात रेलगाड़ीक उपहार भेटल अछि। रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ एहि ट्रेन सभ के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। रेलमंत्री श्री वैष्णव दिल्ली सँ वीडियो कांफ्रेसक माध्यमे एहि कार्यक्रम मे सम्मिलित भेलाह। जखनकि उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पटना जंक्शन सँ रेलगाड़ी के विदा कयलनि। तीन अमृतभारत एक्सप्रेस रेलगाड़ी मुजफ्फरपुर आ चरलापल्ली, दरभंगा आ मंदार जंक्शन तथा छपरा आ आनंद बिहार टर्मिनल के मध्य चलत। एकर अतिरिक्त चारि नव पैसेंजर रेलगाड़ी नवादा, इस्लामपुर, बक्सर आ झाझा सहित प्रमुख शहर के जोड़त। एहि अवसर पर श्री वैष्णव कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे रेलवे ओ राज्य सभ मे विशेष ध्यान दऽ रहल अछि, जतऽ सुविधा सीमित अछि। ओ कहलनि जे बिहार मे एक लाख करोड़ टाकाक परियोजना चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे दीयाबाती आ छठि पावनि पर रिकॉर्ड संख्या मे बारह हजार विशेष रेलगाड़ी चलाओल जायत।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ पटना मे ए.आई. आधारित बिहार कृषि रेडियो प्रसार प्रणालीक उद्घाटन कैलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे किसान के तकनीकि मार्गदर्शन सँ अनुकूल खेतीक जनतब आसानी सँ भेटत।

---

शारदीय नवरात्रक आइ आठम दिन देवी दुर्गाक सातम स्वरूप कालरात्रिक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। राक्तबीजक संहार करबाक बाद भगवती कालरात्रिक स्वरूप धारण कयने छलीह। देवीक एहि स्वरूपक पूजन सँ भय आ नकारात्मक विचार सँ मुक्ति भेटैत अछि। आइ पूजा पंडाल सभ मे प्रतिमाक प्राण–प्रतिष्ठा भेलाक बाद पट खुलल। दरभंगा जिला मे तीन सय सँ बेसी पूजा पंडाल बनाओल गेल अछि। एहि ठाम प्रसिद्ध श्यामा माय मंदिर आ आनो सिद्धपीठ मे भक्तक भीड़ देखल जा रहल अछि। समस्तीपुर जिलाक मुजौना गाम स्थित प्रसिद्ध काली मंदिर मे आइ कुमारि आ बटुक भोजन कराओल गेल। दुर्गा पूजाक अवसर पर संपूर्ण प्रदेश मे उमंग के माहौल बनल अछि। दर्शन–पूजन लेल श्रद्धालु लोकनिक भीड़ उमड़ि रहल अछि। कतेको ठाम पर्यावरणक सुरक्षा आ स्वच्छताक संदेश दैत

इको फ्रेंडली पंडाल बनाओल गेल अछि। पंडाल सभक भव्यता देखैत बनि रहल अछि। दुर्गा पूजा के लऽकऽ प्रशासन द्वारा चाक–चौबंद व्यवस्था कयल गेल अछि। दरभंगा जिला मे चारि सय बारह स्थान पर पुलिस बलक संग दंडाधिकारिक नियुक्ति कयल गेल अछि।

————————————————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगर रेलवे स्टेशन सँ रेल पुलिस एक संदिग्ध नाइजिरियाई नागरिक के हिरासत मे लेलक अछि। आरपीएफ प्रभारी गोविंद सिंह जनौलनि जे खुफिया एजेंसी सँ प्राप्त जनतबक आधार पर संदिग्ध के हिरासत मे लऽकऽ पूछताछ कयल जा रहल अछि।

सहरसा जिलाक मत्स्यगंधा स्थित कलाग्राम मे नदीक संरक्षण विषय पर वेविनारक आयोजन कयल गेल।

————————————————————————————

समाप्त